ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№171 (21.329) ● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къанокъуэ Арсен Хъущт Аслъэнбэч йохъуэхъу.

Хъущт Аслъэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ я щІыхькІэ

Налшык дэт Театр щхьэантІэм дыгъуасэ щагъэлъэпІащ Олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэчрэ Пекин жэз медаль кІыщызыхьа Аккаев Хьэжмуратрэ. Спортсменхэм екъуэхьуну гуфІэгъуэ зэІуцІэм кІрихьэлІащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и дэІныкъуэгъу, «Гладиатор» спорт клубым и кІыгъэзэпэщакІуэ Хъупсырокъуэ Назир, УФ-м бэнэкІэ хуитымкІэ и командэ кІыхэхам и тренер нэхьыщхьэ Тедеев Дзамбулат, Хъущт Аслъэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ я тренерхэу Къардэн Анзоррэ МокКаев Махътырэ, спортсменхэр, щІалэхэм я екъулІэныгъэм щыгуфІыкІа кІалэгъэс кІуэ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ хьэуэху псалъэкІэ захуигъэзащ Къанокъуэ Арсен.

- Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыху псоми сынывохьэуэху нобэрей махуэщхуэмкІэ - КЪБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкІэ. Си гуапэщ узыншагъэ быдэ фиІэу, екъулІэныгъэ фи куэду фыпсэуну. Республикэм и дзэтхэнэ жылэми Іэтауэ щагъэлъэпІащ нобэрей махуэр. ЦІыхубэр апхуэдизу зыдэгушхуэ махуэшхуэм иредгъэхьэлІащ ди спортсмен щІалэхэр дгъэлъэпІэнри. Ди зыгъэгушхуа, республикэм и щІыхьыр утыкушхуэм щызыІэта ди щІалэхэм сохъуэхъу екъулІэныгъэ яІэ зэпыту я гъащІэр ирахьэкІыну. Дыхуейщ ди спортсменхэм я текІуэныгъэхэр мыпхуэдэу дяпэкІи дгъэлъэпІэну.

Апхуэдэу сэ си гуапэу Іэ щІэздзащ Хъущт Аслъэнбэч, Къардэн Анзор, Моккаев Махъты сымэ «КЪБР-м физическэ культурэмрэ спортымрэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ» цІэльапІэр яфІэщыным теуауа Указым. Апхуэдэ пщІэр абыхэм кІалэжьащ республикэм и спортым зиужьыным хэпльхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІамкІэ. Аккаев Хьэжмурат апхуэдэ цІэр иІьэсипл І и пэкІэ фІащащ, иджы республикэм и ЩІыпх тхылъыр идот, - жиІащ республикэм и Президентым.

Спортсменхэми абыхэм ядэщІахэми я гуапэ хьун нэгъуэщІ хьыбар гуапэхэри щыІуащ пщыхьым. Абыхэм ящыщт КЪБР-м и Президентымрэ «Гладиатор» спорт клубымрэ я фондым къыхэкІыу Хъущт Аслъэнбэч сом мелуанитху, Аккаев Хьэжмурат сом мелуанитІ хъу саугъэтхэр зэрыратар.

Пшыхь дахэм кІрихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм, къэфакІуэ гупхэм. Пшыхьыр зэхуащІыжащ махуэшхуэм трауха хьэрэкІыгІэ щхьэкІэплъыкІэхэмкІэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ**
трихащ.



Хъущт Аслъэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэлъапІэ и Къэралыгъуэм и махуэр

«Уи ильэс бжыгъэм сриныбжьщ, си республикэ!»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр ильэс 87-рэ зэрырикъум ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьхьэ куэд дыгъуасэ ди кІалащхьэм щекІуэкІащ. Абыхэм ящыщщ заэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм я «Эстафета» хорым «Восток» кинотеатрым и гупэм щригъэкІуэкІа «Уи ильэс бжыгъэм сриныбжьщ, си республикэ!» концертыр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хъарзынэ Руслан зи унафэщІ икІи зи дирижер хорым концертыр къызэІуихащ «Си хэку», «Бгылъэ лъахэ» уэрэдхэмкІэ. Зи бгъэгуф дамыгъэхэмкІэ зэщІэбла ветеранхэм я гукъыдэжым къызэтригъэувыІэрт гъунэгъуу блэкІ дэтхэнэри. Кинотеатр гупэм щитІысыкІахэм яхэтт уэрэдхэм дежьухэри. ЩІалэгъуалэм нэхъри ягъэгушхуащ концертым хэт нэхъыжьыфІхэр. Хорым игъэзэщІа уэрэдхэм ягъэлъапІэрт мамырыгъэр, зэгурыуэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр. Псом хуэмыдэу Іэгуаущхуэ хуаІэтащ «Адыгэхэр», «Іуащхьэмахуэ», «Си Налшык» «Уззы Мурат», хорым и солист Іэпщэ Хьэсэн ящІыгъэ ныбжьыкІэ игъэзэщІа уэрэдхэм.

Концертыр иригъэкІащ зауэм и ветеран Мочиевская Ольгэ.

- Къалэдэсхэм я закъуэкъым ди деж къакІуэр, атІэ уэрэд жаІэну гукъыдэж зиІэхэр къоКІ гъэзэгъу жылагъуэхэм, Шэджэм кІалэ. Ди зэхьихьэм, уэрэд жыІэным ди лъэр щІегъэкІ, гъащІэр Іэфі къытщещІ, - жеІэ Ольгэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Налшык хуаІэ лъагъуныгъэр къагъэлъагъуэ

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэІуцІэхэр щызэхэта щыпІэ нэхьыщхьэхэм ящыщт Абхъазым и утрп. «Насыпым и кІалэ - ар уэращ, фІыуэ сльагъу Налшык» зыфІаща махуэшхуэ концертыр гукъинэжу екІуэкІащ.

ЗЭУЩІЭР щІидзэным и пэ къихуэу, хуэмурэ къызэхуэс цІыхубэм макъамэ дахэкІэ апежьащ ЗэщэкІуу Хьэзрит зи унафэщІ, Налшык кІалэ паркым и эстрадэ-духовой оркестрыр. Абы и солистхэм адыгэбзэкІэ, балькъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ жаІащ нэхьыжьыуэхэм фІыуэ яльэгъуа, хэкум, лъахэм теухуа уэрэдхэри, иджырей щІалэгъуалэм ягу ирихьэри. Апхуэдэуи цІыхубэм уэрэдкІэ яхуэунэсащ уэрэдкІэ жыІэкІуэхэу Багъ Любэ, Атмурзаевэ Жаннэ, Мэз Джульеттэ, Даур Иринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Абхъазым и утым къыщызэхуэсахэр дэрэжэгъуэм къызэщІиІэтэу адэкІэ кІуащ Театр щхьэантІэм щекІуэкІыну пшыхь гъэщІэгъэным - Олимпиадэм хэта дэ хэкуэгъэу щІалэхэр щагъэлъэпІэнум - еплъыну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Республикэм и махуэшхуэр яІэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэ махуэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьхьэхэм ящыщ зыт «Ди хэкум и макъамэхэр» фІэщыгъэщІэр нІэу Къэрал концерт гъэлъапІэгъэнІэм и гупэм деж щата концерт дахэр.

УЭРДЖЫМРЭ къафэмкІэ КъБКЪУ-м и «Амикс» театрым и уэрэджыІакІуэхэм къызэІуахащ гуфІэгъуэ зэхьхьэр. Ди республикэм, абы и кІалащхьэм я дахагъэм теухуа, зэныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэр, нэгъуэщІ гурыщІэ дахэхэри кІыщыхэщ уэрэдхэр жаІащ ди щІыналъэм фІыуэ кІыщащІыху артистхэм.

Апхуэдэу концертыр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэу Цокіыл Азэмэт, Алцэгъыр Руслан, Насып Астемыр, Къэкъун Исльам сымэ, Бахъсэн кІалэм и «Дахэнагъуэ» щІыхьбэ ансамблым (солистхэу Азыч Замирэ Мэрщэнкъуэ Резуанрэ), ТІэхьир Заремэ, нэгъуэщІхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрыкІыным и щІэр зезыхьэ утым щекІуэкІащ КъБР-м гъуазджэмкІэ и лэжьакІуэхэмрэ республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ центрхэмрэ зыхэта махуэшхуэ концерт. Ар езыгъэкІуэкІахэу Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэхэу Мэз Джульеттэрэ Къумыкъу Мухьэдинрэ кІыхьэхэсахэм гуапэу екъуэхъуэ иужь, псалъэ иратащ «Вече» урыс щэнхабзэ центрым и унафэщІ Канунников Анатолий.

- Дэ дыщопсэу пщІэ зиІэ, зи жыІэм гутыпитІэ игъэуэт республикэм. ФІыщІэ яхуэщыпхъэщ ди щІыналъэм папщІэ куэд дыдэ зыльэжьхэм, - жиІащ абы. - Нэхъыщхьэращи, насып, гуфІэгъуэ, узынщагъэ, мамырыгъэ Тхьэм псоми кІыдыт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хэыбаретащІэ Іэнатіхэмкіэ и министерствэм и жэрдэмкІэ зэхаща гуфІэгъуэ зэІуцІэр иратащІыкІуэкІащ Музыкэ театрым и лэжьакІуэхэм. Театрым и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Къаэбэч Иринэ, Тауканова Галинэ, Кірым Иринэ, Нежинэ Маринэ, Мамбэт Мадинэ, Хьэхъупащ Іэмырхъан сымэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ центрхэм я ЛІыкІуэхэм ягъэзэщІа макъамэ-хэм дихьэхыу едэІуащ къызэхуэсахэр. Уеблэмэ куэд щІауэ лъэпкъхэм къадекІуэкІ уэрэд, макъамэ цІэрыІуэхэм утыкум къришахэр мащІэтэкъым.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ**
трихащ.

Нэхъ лъэщхэр къонэри, адрейхэр мэкІуэж

Чемпионатым и ещанэ махуэм зыпэмыплъа гуэрхэр кІихьакъым, мы зым фІэкІа: Украинэм и командэм и пашэ Жуковэ Наталье кІытхІуащ американкэ Рохонян Катрин. Абы щыгъуэми иужьрейм и рейтингыр зыкъомкІэ нэхъ цІыкІут. Яп э партиер иригъэхьэхуа нэужь, Жуковэм хуэзфІэкІащ етІуанэм щытекІуэн, арщхьэкІэ тай-брейкым (шахмат псынщІэхэм) аргуэру и ныкъуэкъуэгъур къыщефІэкІащ. Езы Наталье и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абы хэпщІыкІыу ефІэкІыныгъэ иІащ, арщхьэкІэ кІыхэзрыгуэкІ тактикэ удыным теплъэкъуакІащ.

Адрей партиехэр екІуэкІащ зи рейтингыр нэхъ лъагэхэр куэдкІэ зэрынэхъ лъэщыр хэпщІыкІыу.

Урысейм и шахматисткэхэу Закурдяевэ Иринэрэ 2008 гъэм ныбжьыщІэхэм я деж дунейм и чемпионкэ хьуа Небольсинэ Верэрэ я Іуэху кьикІакъым: яп эм партитІри иригъэхьэхуащ Индием щыщ Харикэ Дроновали, Закурдяевэм и Іуэху къыщикІакъым китаянкэ Жуань Луфэй и деж.

Ауэ адрей урысейхэм хьарзынэу зыльэкІуэльэгъэуащ; 2:0 - апхуэдэ бжыгъэ я ныкъуэкъуэгъуэхэм ятекІуащ Костенюк Александрэ, Косинцовэ зэщыпхьуэу Татьянэрэ Надеждэрэ. НэгъуэщІ ди щахматисткІитІ - Корбут Екатеринэрэ Матвеевэ Светланэрэ занщІэу чемпионатым и етІуанэ къэкІуэкІыгъуэм хьыхащ: абыхэм къапэщІэтын хуея куржы шахматисткэхэр къэкІуакъым.

Яп э партитІыр зэрытемыгъэкІуауэ зыуахэр тай-брейк хабзэм тету джэгун хуей хьащ. (мыпхуэдэм джэ дэтхэнэми зы джэгугъуэм зэманр щратыр дакъикъэ 25-рэ секундищІрэщ).

Апхуэдэ щыкІэкІэ щызэдэджэгум Армением щыщ Мкртчян Австриеи и шахматисткэ Мозер къэфІихьэхуащ. Апхуэдизу гуфІати, армэгъэ цІыхубзым и текІуэныгъэр ресторанымрэ щигъэлъэпІащ.

Румынием щыщ Сочкэрэ Польшэм и шахматисткэ Фойшоррэ щызэдэджэгум, кІаугъэ зыпыльІуэху къэхъуащ. ТІуми зэрахуэзфІэкІкІэ къагъэсэбэнащ хуэхэ зэманыр. КоролитІымрэ дэтхэнэми хуэзэу шы зарыгъэфІэкІа ямыІэжу Фойшор и нып цІыкІур ехуэхащ; и зэманыр нухьпат. Ауэ зы шы закъуэрэ королрэ фІэкІа умыІэу зыми мат хуэбгъэувыфынукъым. Куэдрэ тепсэлъыхьын хуей хьащ текІуауэ къэльытапхьэм. Апеляцэ комитетым кІэух унафэ кьищтащ. ТекІуар Сочкэщ (Польшэ).

Апхуэдэ щыкІэкІэ бедджымы хьуакІэщ яп э раундым щытекІуа псори. Абыхэм дыгъуасэ сыхьэт 15-м етІуанэ раундым щІадзащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Нэхъыбэ мэхъу

Къулейсызыгъэ кІыхьылъыса Осетие Ипщэм щыпсэуэм ядэІэныкъуну гупыж зыщІэхэм я бжыгъэм хэхьуэ зэпытщ. Мы Іуэхум яхуэфІэкІыныкІэ кІыхьуэ республикэм и куейхэри жылагъуэ щхьэхуэхэри.

МАЙ КЪАЛЭМ дэт 13-иэ прогимназием къыбгъэдэкІыу Цхинвали иригъэщащ иджыпсту цІыхуэхэр нэхьыбэу зыхуеину зэрытхьэщІэ, зэрыжьыщІэ хьэпшыпхэр. Александровскэ станицэм и администрацэм бжыгъэ-щІымахуэ лъэхъэнэм къагъэсэбэпыну щыгъын, хьэпшып хуабэхэр кьищэхуащ. ЯхуэзфІэкІ мылькукІэ Іуэхум кІыхьыхьаХэм Май кІалэм и администрацэр, сабий садхэр, зи ныбжь хэкІуэтахэр щаІыгъунэр. Абы кІыдэкІуэу Май куейм и предприятэхэмрэ организацэ щхьэхуэхэмрэ зы лэжьэгъуэ махуэм хуэзэ ахьшэр къуэш республикэм хурагъэхьыну унафэ ящащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Дерс зэІуха

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Краснодар кІалэм и 18-иэ школым щата дерс зэІухам щІэсащ.

Къэралым и Іэтащхьэр щІыналъэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэухэмэ яІуащ. Абы жиІащ дяпэкІэ Урысейм хэкупсэ гъэсэныгъэм, спортым зегъэужьыным гулыитэ хэха зэрыщІыхьащІынур.

Зыщыпсэун зимыІэжхэм папщІэ

УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ ахъшэ прату щІадзащ Осетие Ипщэм щыщу Куржыр Іэщэкіэ щІыналъэм кІыщеуам зи псэупІхэр зыфІэкІуэдахэм.

Дэтхэнэми хуэзэу сом мин 50 лъысынущ. Апхуэдэу Урысейр абыхэм ядэІэпыкъунущ нэгъуэщІ ІуэхуэхэмкІи.

Тезырхэр хэткъым

Евросоюзым и къэралхэм я Іэтащхьэхэр Брюссель щызэІуащ Куржымрэ Кавказымрэ щыщыІэ щыгъыкІэм теплъэкъыщ папщІэ.

Нэхъ ихьу-ипкІ къэралхэм - Инджкылызым, Польшэм, Латвием, Литвам, Эстонием - кьагъэуват экономикэ, политикэ тезырхэр кІыщыгъэлъэгуэ резолюцІэ эзІуцІэм къыщащтэну. Ауэ ар пхыкІакьым. Абы и пІэкІэ кІызэхуэсахэм Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ зэрыщІэмытым теухуауэ Урысейм къыщІэкІыжьащ икъуэжьыным и телъхъэу Іэ яІэтауэ аращ.

Къаруушхуэ

«Густавым» и толькъунхэм Кубм уэн мин 86-рэ щрихащ, иджы аэрэ США-м и Іуфэхэм нэсащ.

Нобэ Орлеан уэшх кІыщощх, жьышхуэ кІыщопщэ. Къаруушхуэ зиІэ а къэхъукъащІэ щынагъэуэм щахъумэн папщІэ щІыналъэм ирагъэІэпхъуэкІащ цІыху мелуанитІым щІигъу.

(ИТАР-ТАСС).

Къэрал

◆1945 гъэм Токио и гъунэгъуэу «Миссури» американ линкорым Японием и лІыкІуэхэм Іэщытрадзащ Іэщэкіэ эзІуцІэуэда япон къарухэм фІэкІыпІэ имыІэу зэрызытым теуха акТым. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр щыуа махуэщ.

◆Илъэс 15 и пэкІэ (1993) Урысеймрэ США-мрэ Дунейпсо хъэрщ станцыр уХуэным екъуэлІа лэжьыгъэхэм зэгъусэу щІадзащ.

◆ Илъэс 90 и пэкІэ (1918) ВЦИК-м и Президиумым игъэуващ Дзэ Плъыжьым и къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэр - республикэм Іэщэкіэ Зэщэуэзда и кьару псоми я УнафэщІ нэхъыщхьэ кьулыкър.

◆Фокіадэм и 2 - 6-хэм Чангчунь (Китай) щекІуэкІынущ Ищхьэрэ-Къуэкъым Іэ Азием и къэралхэм я 4-иэ сату-инвестицІэ жарыкІэр.

◆ Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 32-м, къуэкъыпущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 42-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъи 10-рэ.

Пэлэнэрэ зыгъэхэсырэр ШІАІ Мухьэмэд.

Къуэрыкъ

Къуэрыкъ

ЩЫЩЖЬЭІУМ и 25-м республикэм и УнафэщІым Широковэ Наталье яригъэІущхуащ щыпІэ правительствэм хэт министрхэм икІи къыхигъэщащ ар зыпэригъэува Іэнатіэм зригъэужьыну зэрыщыгугъыр.

Широковэ Наталье щІыналъэм ЩІалэгъуалэ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІу щытащ.

Лэч хьэлэмэт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Черкесским объединение» Іуэхущ Іапэм и щІэныгъэ техникэ центрым и щІэныгъэ зыхьэтищым къыриубыдэу ГъущыкІ лэч хьэлэмэт къагупсысащ.*

ПСАПЪЭМ папщІэ, кІалэм дэт тетІысхьэпІэхэр пщыхьэщхьэм яламэ, гъущыжьаэу ныкъокІ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, абы и къэгупсысыным ахэр иІьэскІэ елэжьащ, иужькІэ кІалэдэсхэм къраГъэпщытащ.

ЛэчыщІэр фІагъ зиІэщ, илъэситху пІалъэкІэ фагъуэ мыхъуу е темыкІыжу щытынущ. Абы кІи къэралым фейдэ иІэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мамыр гъащІэм хуокІуэж

АБХЪАЗ. *Республикэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Купалбэ Гарри Сыхьым иджыблагъэ щекІуэкІа пресс-конференцым щыхигащ Кодор Ипщэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ щыгъуэ зэрыжаІэу.*

КУПАЛБЭ Гарри къыхигъэщащ щІыпІэ властыр цІыхуэхэм зэрадзэлажьэр, зэрадэІэпыкъуэ, ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу Кодор Ипщэм къэзымыгъэзэжу Куржым къыщынахэри зэрыщыІэр. Абхъазэм хьыбар зэрагъэкІэ, ахэр куржы унафэщІхэм къаутІыпщыжьыкъым, политикэ ІэхъуэхэмкІэ иужькІэ ирисондзджэрын щхьэкІэ.

Республикэм Іэщэкіэ зэщІэуэзда и къаруэхэм я Генштабым и унафэщІ Зайцев Анатолий журналистхэм яжриІащ Кодор ауэзым щыпсэуэхэм я гъащІэм ехьэлІауэ щынагъуэ зэрыщымыІэр, бийм зэрыпэщІэтын Іэщэрэ техникэрэ ирикъуу зэрэІэр, гъунапкъэр зэрагъэбыдар.

КъулыкъущІэр яхуэуж

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Президент Тхьэкіэушынэ Аслъэнджэрий и унафэкІэ Адыгейм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр кІалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэнущ Широковэ Наталье.*

синийкрасный желтый черный

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Егъэджэныгъэр цухуэкIэцIэм тохьэ

АБы К Iэ ЛЭжЫгЪЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ЩыгушкI Мадинэ**, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкан**, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэджэныгъэ IэнатIэр щIыналъэхэм зыщыIуу егъуеухьэр зэфIэхьыныкIэ и центрым и Iэтащхьэ **Артеменкэ Ольгэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Егъэджэныгъэ IэнатI эм пэрыт щыкъу 400-м нэблагъэ кьызрихьэлIа зэIуцIэшхуэр кьыззIуихащ министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы кьыжигъащ егъэджакIуэхэм я зэIуцIэ нэхъ инр дыдэр, хабзэ зэрыхьуам тету, я лэжьыгъэ кьыщацIыр, кьыанэцIельхэр щаубзыкъ зэIуцIэм кьыщымынэу иджыпстэ егъэджэныгъэм и зэхэлыкIэм, абы кьиргъэув мардэхэр зэпкърыхьным нэхъ тегъэщIауэ зэрыщцытыр.

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен егъэджэныгъэ IэнатI эм пэрытхэм Зэрызаохугъаззэм кьеджащ **Дыщэкl Мадинэ.**

Егъэджэныгъэм кьихахьэ кьэ Iуэху зекьэжIащ республикэм нэсу щыкъэфIагъуэ я хъуэ папщIэ кьапэщыкIы Iуэхуэхэм убгъуауэ тепсэлыхьащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий:

- БлэкIа махуэхэм районхэм, кьалэхэм щекIуэкIа зэIущIэхэм зэпкърыхауэ щыгепсэлыхьащ иджырей егъэджэныгъэр зэрыщэтеухуапхьэ Iэмалхэм. Абы кьигъэув кьалэнэхэр зэ епльыгъуэкIэ кьыззрегъуэкIыу кьыщыхьуами, кьрикIуэн хуей екьуIэныгъэр тIащIэ. КIащым кьрипуфыIэу зыIэрыбгъэхьэныр тынш-кьым, - жиIащ министрым. - Кьапщтэмэ, зи гугъу тщIы уху экIыщIэр республикэм щыгъэфIэныжкIэ я Iэ лъэбакъуэр тчакIэщ. «Егъэджэныгъэм лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Iэмалыщ Iэ куэд хэпщащ хьуащ а Iэнатl эм. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщыжкIынщ а проектым и фIыгъэкIэ (2006 гъ Iыандэрэ) федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу школ 75-м щыгъэкIуэдыкIыу, Iэмалыщ Iэ куэд хэпщащ хьуащ а Iэнатl эм. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщыжкIынщ а проектым и фIыгъэкIэ (2006 гъ Iыандэрэ) федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу школ 75-м щыгъэкIуэдыкIыу, Iэмалыщ Iэ куэд хэпщащ хьуащ а Iэнатl эм. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщыжкIынщ а проектым и фIыгъэкIэ (2006 гъ Iыандэрэ) федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу школ 30-м сом мини 100 зыгъэгъэпсыкIа, республикэ бюджетым кьыхэкIыу школ 30-м сом мини 100 зыгъэгъэпсыкIа, Iэмалыщ Iэ куэд хэпщащ хьуащ а Iэнатl эм. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщыжкIынщ а проектым и фIыгъэкIэ (2006 гъ Iыандэрэ) федеральн

ЩIыуэпсым и макъ



Iэшым, джэдкъэзыхэм я вейм е къэкIыгъэхэм кIыхащIыкI щIыгъэпшэрхэм «органическэкэIэ» йоджэ. Минерал щIыгъэпшэрхэр къамыгупсыс и пэкIэ, щIыхуэхэм я хадэхэр ягъэбэгъуэн папщIэ кIаГъэсэбэпу щIытар аэрашэ. Абы къикIыркъым, технологиер ипэ ища щхьэкIэ, ижь-ижьыж лъандэрэ щIыпа щIыгъэпшэрыр кIуэдыжауэ.

● Гукъеуэ

Жыгхэр магъ

ДЫГЪЭ бзийхэм я хуабагъыр а жыгхэм куэд щIауэ эхащIэжыркъым, щIипскIэжыркъым я тхьэмпхэр жьы къепщэм. Бзу щIыкIухэм я уэрэд жьгърухэр щIыхухэм я гум, я псэм дыхьэу кIрашу щытамэ, иджы дэнэкIэ умыпIьамэ, ихьуреягъкIэ пльагъур фIыцIагъэ. А псори зыльагъу лIыжьфызыжьхэр, щIалэгъуалэр, я уней хадэхэм илэжьхыну, загъэпсэхуну кIуэхэр нэщхьейуэ кIоувыIэри, я льэр щIэхауэ, я пIэм куэдрэ итщ, тэлай докIри, хуэмурэ я гъуэгуанэ тоувэж.

- Дадэ, сыт мы жыг къомым къащIыщIар? - щIоупщIэ сабийр.

- МафIэм исащ, си щIалэ, пльагъуркъэ?

- Хэт абыхэм мафIэ щIэзыдзар, сыткIэ эран хъурэт ахэр?

- Сэ дэнэ щысщIын а псори, гурыIуэгъуэр зыш - хэтми, щыху акъылынпщэ. ЦIыхухэм гухэхьуэ кьезыту щыта жыгхэр игъэсащ. Ауэ сыт, хабзэм и хъумакIуэхэм, дыкъэзыхъуреихь дунейм и щытыкIэм кIолъпплъхэм ар яльагъуркъым, яльагъуу щытми, нэф защI, - жеIэ лIыжьым, и къуэрылъху щыкIум и гукъеуэхэр хуиIуатэуэр.

Зи гугъу тщIыр «Горн»э хьэблэкIэ дызэджэ, Налшык и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщ зым уфIэкIауэ, «Лэгъупыкъу», «Iуащхьэмахуэ», «Псынэ» уней хадэхэм ущыкIуэкIэ, гъуэгу гъунэм и лъэныкъуитIымкIэ кIыщыт жыгхэрщ. Абыхэм яхэтт ильэс кIэс кIалэдэсхэм балий, пхьэгуэль, дэ щIыкIу кIыхьынач жыгщIэхэр, ильэс 50-м щIигъуа бжей, жыгей абрагъуэхэр. Иджы а псоми я пIэкIэ пльагъур фIыщIагъэщ, жьэщ. Куэдыр, зыри кIыхьэмыпэжу, мафIэм исащ, ящыныкъуэхэр нэхъ кIыхьэтенами, щхьэщэ щIым хуащIу загъэщхъ, магъ.

А псори уи нэкIэ щыпльагъуркIэ, уи гур мыуэу кIанэркъым, нэхъ кIаруунпэ, тхьэмыщкIэ ухъуауэ зыкъыпщохъуэ, губжьым гущIэр зэщIещтэ. «Дауэ и Iэр кIыIэту, мафIэ лыгъейр щIидзэу, апхуэдизэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг игъэса, сыт хуэдэ унагъуэ ар кIыщIихьуар, сыт хуэдэ адэ-анэ зыпIар, зыгъэсар?!» - жыбоIэ. Абы и жэуапри, дауи, дэ дызэрепльымкIэ, зыщ - дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, зехьэным, кIэлъплъным гугъу зыдезымыгъэхьхэм, уеблэмэ лъапсэрыхьр кIыхьэгъэгъакIуэхэм, щIыхуIэ уеджэ хъуну къыщIэкIынкъым.

Сыхуейт зыныфхэузгъэзэну: щIыхуэ, сынывольэIу, дыжьгъэхъумэ дыкъэзыухъуреихь дунейр, абы етх лейр нэхъ Iейуэ дэ кIытлъэIэсыжьынщ, кIытхуигъэзыгъунуэкIым!

СОКЪУР Жамболт.

● Абы дегъэпIейтей

Ажал «псынщIэ»

Зы нтъэсым кIрыубыдэу Урысейм щIыху мин 330-рэ тутын еф>ынкъыщIэ узыфэ щынагъуэхэм щолIыкI. Зэвгъэпщэн папщIэ: гъуэгум кIыщIыхьу насыпыншагъэхэм зы нтъэсым хэкIуэдар щIыху мин 35-рэщ.

РОСПОРТЕБНАДЗОРЫМ и унафэщI, Урысейм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий иджыблагъэ жиIащ тутын кьыдэзыгъэкI компаниехэм урысей лъэпкыщI дунейм тралъэсыкIыну мурад щэху зэраIэр икIи ахэр судым зэрыритынри кIыхьигъащ.

Iуэхур щIэзкагъэкIым наIуэ кьызэрыхъуахъмкIэ, 90 гъэхэм хамэ кьэралхэм кьагъэхъея тутын толькьунращ дызыкьыр. Тутын ефэ щIыхухъухэм я бжыгъэр куэд дыдэкIэ дэмыкIуеями, Iугъуэр кьызыкIуэцIиху бзылъхугъэхэр хуэдэ 3-кIэ бзэгъащ, Нобэкlэ кьапщтэмэ, щIыхуб уэндагъуэхэм я процент 48-м Iэщыкь яхуэщIыр-кьым а хьэл мыхъумыщIэр. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, Урысейм и щIыхуб>эр «ищауэ» аращ. Зрищари хамэ кьэралхэм я тутын компаниехэрращ. Тутыным жьыджэру пэщIэт Шабашов Алексей кьиухтащ тутыным иIыкIа зы щIыху кьэс кьэралым кьыхэхьэр доллар 500-м зэрыщIигъур. Ауэ а ахъшэм дунейм ехьыжа щIыуэ щIыуигъэтьхьыжынукъым.

Кьэрал Думэм и сайтым и «Унафэщ>эхэр» кьудамэм сыщихьам, сыкъэуIэбжьат. УнафэщIу кьыхахъхьэхэм я нэхъыбапIэр зыхуэунэтIар щIапIэхэм 2007-2008 гъэхэм республикэм и хабзэхъумэ органкэм ипрактикым кьуанщэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зы тхыгъэ тхьэусыхафэ закъуи.

Щыуэпсыр хьумэнымкIэ, хабзэхэр эзэпызыхуэр кьыщIэгъэщынымкIэ, кIэрыхуфбжьэрыхуэхэм кьапкрыкI уз зэрыщIалъэ щымыгъэIэнымкIэ, Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI гуэрхэмкIи кьалэ, район прокурорхэм, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм наIуэ кьащIащ псыр зыуцIэпI щIэпхъаджащIэ куэд. Бжьыгъэкlэ къэбгъэльагъуэмэ, уголовнэ Iуэху 17 кьалэтащ. Прокурорхэм кьыщIагъэщащ хабзэм щебэкъуа Iуэхугъуэ 220-рэ. Ахэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэпса тхыгъэ 75-рэ кьыхалъхьати, щIыху 18 жэуапым ирашэлащ.

ЗЕЙ Гъузер.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Ар гъэщIэгъуэнщ

Сыт цIыхур къызыхэщIыкIар?

ЩIэныгъэлIхэм химие пкъыгъуэу 120-м щIигъу ящIыху. А бжьыгъэм ахэр зэрыхуэкIуа гъуэгуанэр кIыхьт, яныныкъуэми шынагъуэт. Куэдым я щхьэр, узынщагъэр халъхьащ дунейр, щIыр, цIыхур, шхыныр зэрызэхэлъэр къэхутэным.

ЦIЫХУР къызытекIам, кьызэрыунэхуам теухуауэ щIэныгъэмрэ динымрэ жэуап зыщIыгъуэ цIыхуми и Iэпкъльэпкъым магнийуэ грамм 0,5-рэ лъысспхъэщ. Абы папщIэ щIагъкхъуэ, крупа, дэ, кхъуейльаплъэ, джэш шхын хуейуэ аращ.

Кальций - дыжьныфэ гъущIщ. ЦIыху балигъым и Iэпкъльэпкъым кальцийуэ зы килограммым щIигъу хэльщ. Кальцийр Iэпкъльэпкъым кьыщемэщIыкIым деж, ятIэ, сэху, мел пшхын хуэдэу уохъу, иныкъуэхэми яшх. Кальцийр икъуэкIэ сэбэнщ льыр пцIэнымкIэ (ар мыпщIэмэ, IэгъэкIм къиж льыр мыуфыIэжурэ, улIэнкIэ хъунущ), псантхуэзэр тэрэзу лэжьэнымкIэ. Ауэ кальцийр куэдыIуэ щыхъуэкIэ, Iэпкъльэпкъыр зэрызэхэлъ клеткэхэр екудэри, егъалIэ, бетоным хуэдэу ящокъ.

Цинк - къащхъуэ-хужьыфэ гъущIщ. ЦIыхум зы жэщ-махуэм цинк грамм 15 лъысспхъэщ. Фермент куэдым я пкъыгъуэ нэхъыщхьэщ, ар мыхъуатэмэ, углеводхэр, белокхэр, фосфор кислотам и эфирхэр, АТФ-р Iэпкъльэпкъым щылэжьэнутэкъым. Цинкыр цIыхум ебжкIмэ, молочнэ кислотар куэд мэхъу, лъым и рН-р докIуейри, жьэжьейхэм я лэжьэкIэр зэтохъутэ. Цинк зыхъуэчэмхэм бдзэжьей, лы, шэ, щIакхъуэ, хадэхэкI, цитрус куэду яшх.

Ртуть - гъущIхэм хабжэ, ауэ и теплъэкIэ ткIуаткIуащ, дыжьныфэ-хужьыфэ плъыфэ иIэщ. Ялъу цIыхум къиГъэсэбэпын щыщIидза эзманыр щIэныгъэлIхэм къахуэхутакъым. Ртутыр нэхъ гын гуащIэ дыдэхэм хабжэ, гугъуэкьынышэу тхьэмбылым нос, иужьрейм ар псынщIэу эзщIешэ, лъым хохьэ, псантхуэхэм зыхьеубгъуэри, цIыхум и акъылыр ныкъуэ ещI. Апхуэдэ щытыкIэм «Минамат и узыфэкIэ» йоджэ. Асыхьэтым ртуть-щхьэр зыльысэ цIыхум и дзэхэр щабэ, и дзэлхэр тлъыжь мэхъу, Iупс кьыIурож, щхьэ узым ехь, и льэр эзщIокIэзызэ. Е здэщымыIэм фIыц щIэкъым жалэ, ртутыр медицинэм хуабжьу кьыщагъэсэбэп: щIыфэр уIэгъэ щIыхьуам деж абы и раствор щхуэ, щIыфэ уз зэфыкIэхэмкIэ хущхъуэщ, зригъэщIалэрэм.

ГъэщIэгъэнэракъэ, псом нэхъри нэхъ шынагъуэ ябж химие пкъыгъуэхэм щыщ (радиоактивнэхэр) цIыху Iэпкъльэпкъым, мащIэ дыдэми, хэльщ. Эволюцэм урипльэмэ, псэ зыIуту ялъ дыдэ къэунэхуахэр псым, щIым къыхэкIащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIыр зэрызэпкърыIуть пкъыгъуэ дыдэхэри ди Iэпкъльэпкъым зэрыхэльыр гъэщIэгъуэнкъым. Ауэ зыгуэрым и къаруушхэкIэ а разр зэгъэпщIа зэрыхъуар - тельыджэщ. СызэригугъэмкIэ, эволюцэри зи гугъу тщIы «къаруушхэри» зэпхащ, зым адрейр щIымыгъуэу уи нэгу кьыпхущIэгъэзэхэркъым.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Джэрпэджэж

ЩIыдагъэ Iуэхухэр

«Роснефть» АО-м КЪР-м и Гъэч куейм щIыдагъэм щелэжь завод абрагъуэ шичхуэн мурад иIэщ. Зы ильэсым къриубыдэу абы щIыдагъэу тонн мелуанитIым щIигъу кьрашэлIэнущ.

- ЗАВОДЫР зэлэжьыну щIыдагъэр Шэшэн Республикэм кьрашынущ. Дэ абыкIэ дыдаРрэзыщ, «Роснефтьым» зыхуэныкъуэ щIым хуэдиз хуэхэтхынри дыхьэзырщ, ауэ къэдгъэувыр зыщ - ди щIыуэпсым хуресакъ!» - жиIауэ щытащ КЪР-м и Президентым.

Апхуэдэ мурадыфIым Щэшэныр губжькIэ къыпдэжащ.

«Интэс кIыам щIыдагъэм Щэшэн Республикэм хэхъуэу сом мелуан 420-рэ къыхуихьауэ аращ. Дэ ильэсым «дыщэ фIыцIэу» тонн мелуанитIым щIигъу къыщIыдощ, ар «Роснефтьым» зэрызэригъэзэкIуэжIым сом мелиард 25-30 фейдэуэ къыхуещI. Дэ дыдаРзэлькъым ди щIыдагъэм щелэжь завод КЪБР-м щагъэхуэну икIи, къызэрытлъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэхугъуэ къыхэплъхьэнри щэшэн лъэпкъ псом пщIэ зэрыхъуумыщIыр ину жыпIэу уэрамым удэтынри зым, Армырами, ди щIыхухэм лэжьапIэ ягъэтыркъым. Дэ ди гупсысэ нэхъыщхьэр - республикэр и сэфэтым игъэувыжыпIщ», - кьыхигъащ ЩIэшэн Парламентым и спикер Абдурахманов Дуквахэ.

● Ар гъэщIэгъуэнщ

Сыт цIыхур къызыхэщIыкIар?

ЩIэныгъэлIхэм химие пкъыгъуэу 120-м щIигъу ящIыху. А бжьыгъэм ахэр зэрыхуэкIуа гъуэгуанэр кIыхьт, яныныкъуэми шынагъуэт. Куэдым я щхьэр, узынщагъэр халъхьащ дунейр, щIыр, цIыхур, шхыныр зэрызэхэлъэр къэхутэным.

ЦIЫХУР къызытекIам, кьызэрыунэхуам теухуауэ щIэныгъэмрэ динымрэ жэуап зыщIыгъуэ цIыхуми и Iэпкъльэпкъым магнийуэ грамм 0,5-рэ лъысспхъэщ. Абы папщIэ щIагъкхъуэ, крупа, дэ, кхъуейльаплъэ, джэш шхын хуейуэ аращ.

Кальций - дыжьныфэ гъущIщ. ЦIыху балигъым и Iэпкъльэпкъым кальцийуэ зы килограммым щIигъу хэльщ. Кальцийр Iэпкъльэпкъым кьыщемэщIыкIым деж, ятIэ, сэху, мел пшхын хуэдэу уохъу, иныкъуэхэми яшх. Кальцийр икъуэкIэ сэбэнщ льыр пцIэнымкIэ (ар мыпщIэмэ, IэгъэкIм къиж льыр мыуфыIэжурэ, улIэнкIэ хъунущ), псантхуэзэр тэрэзу лэжьэнымкIэ. Ауэ кальцийр куэдыIуэ щыхъуэкIэ, Iэпкъльэпкъыр зэрызэхэлъэ клеткэхэр екудэри, егъалIэ, бетоным хуэдэу ящокъ.

Цинк - къащхъуэ-хужьыфэ гъущIщ. ЦIыхум зы жэщ-махуэм цинк грамм 15 лъысспхъэщ. Фермент куэдым я пкъыгъуэ нэхъыщхьэщ, ар мыхъуатэмэ, углеводхэр, белокхэр, фосфор кислотам и эфирхэр, АТФ-р Iэпкъльэпкъым щылэжьэнутэкъым. Цинкыр цIыхум ебжкIмэ, молочнэ кислотар куэд мэхъу, лъым и рН-р докIуейри, жьэжьейхэм я лэжьэкIэр зэтохъутэ. Цинк зыхъуэчэмхэм бдзэжьей, лы, шэ, щIакхъуэ, хадэхэкI, цитрус куэду яшх.

Ртуть - гъущIхэм хабжэ, ауэ и теплъэкIэ ткIуаткIуащ, дыжьныфэ-хужьыфэ плъыфэ иIэщ. Ялъу цIыхум къиГъэсэбэпын щыщIидза эзманыр щIэныгъэлIхэм къахуэхутакъым. Ртутыр нэхъ гын гуащIэ дыдэхэм хабжэ, гугъуэкьынышэу тхьэмбылым нос, иужьрейм ар псынщIэу эзщIешэ, лъым хохьэ, псантхуэхэм зыхьеубгъуэри, цIыхум и акъылыр ныкъуэ ещI. Апхуэдэ щытыкIэм «Минамат и узыфэкIэ» йоджэ. Асыхьэтым ртуть-щхьэр зыльысэ цIыхум и дзэхэр щабэ, и дзэлхэр тлъыжь мэхъу, Iупс кьыIурож, щхьэ узым ехь, и льэр эзщIокIэзызэ. Е здэщымыIэм фIыц щIэкъым жалэ, ртутыр медицинэм хуабжьу кьыщагъэсэбэп: щIыфэр уIэгъэ щIыхьуам деж абы и раствор щхуэ, щIыфэ уз зэфыкIэхэмкIэ хущхъуэщ, зригъэщIалэрэм.

ГъэщIэгъэнэракъэ, псом нэхъри нэхъ шынагъуэ ябж химие пкъыгъуэхэм щыщ (радиоактивнэхэр) цIыху Iэпкъльэпкъым, мащIэ дыдэми, хэльщ. Эволюцэм урипльэмэ, псэ зыIуту ялъ дыдэ къэунэхуахэр псым, щIым къыхэкIащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIыр зэрызэпкърыIуть пкъыгъуэ дыдэхэри ди Iэпкъльэпкъым зэрыхэльыр гъэщIэгъуэнкъым. Ауэ зыгуэрым и къаруушхэкIэ а разр зэгъэпщIа зэрыхъуар - тельыджэщ. СызэригугъэмкIэ, эволюцэри зи гугъу тщIы «къаруушхэри» зэпхащ, зым адрейр щIымыгъуэу уи нэгу кьыпхущIэгъэзэхэркъым.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Абы дегъэпIейтей

Ажал «псынщIэ»

Зы нтъэсым кIрыубыдэу Урысейм щIыху мин 330-рэ тутын еф>ынкъыщIэ узыфэ щынагъуэхэм щолIыкI. Зэвгъэпщэн папщIэ: гъуэгум кIыщIыхьу насыпыншагъэхэм зы нтъэсым хэкIуэдар щIыху мин 35-рэщ.

РОСПОРТЕБНАДЗОРЫМ и унафэщI, Урысейм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий иджыблагъэ жиIащ тутын кьыдэзыгъэкI компаниехэм урысей лъэпкыщI дунейм тралъэсыкIыну мурад щэху зэраIэр икIи ахэр судым зэрыритынри кIыхьигъащ.

Iуэхур щIэзкагъэкIым наIуэ кьызэрыхъуахъмкIэ, 90 гъэхэм хамэ кьэралхэм кьагъэхъея тутын толькьунращ дызыкьыр. Тутын ефэ щIыхухъухэм я бжыгъэр куэд дыдэкIэ дэмыкIуеями, Iугъуэр кьызыкIуэцIиху бзылъхугъэхэр хуэдэ 3-кIэ бзэгъащ, Нобэкlэ кьапщтэмэ, щIыхуб уэндагъуэхэм я процент 48-м Iэщыкь яхуэщIыр-кьым а хьэл мыхъумыщIэр. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, Урысейм и щIыхуб>эр «ищауэ» аращ. Зрищари хамэ кьэралхэм я тутын компаниехэрращ. Тутыным жьыджэру пэщIэт Шабашов Алексей кьиухтащ тутыным иIыкIа зы щIыху кьэс кьэралым кьыхэхьэр доллар 500-м зэрыщIигъур. Ауэ а ахъшэм дунейм ехьыжа щIыуэ щIыуигъэтьхьыжынукъым.

Кьэрал Думэм и сайтым и «Унафэщ>эхэр» кьудамэм сыщихьам, сыкъэуIэбжьат. УнафэщIу кьыхахъхьэхэм я нэхъыбапIэр зыхуэунэтIар щIапIэхэм 2007-2008 гъэхэм республикэм и хабзэхъумэ органкэм ипрактикым кьуанщэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зы тхыгъэ тхьэусыхафэ закъуи.

Щыуэпсыр хьумэнымкIэ, хабзэхэр зэпызыхуэр кьыщIэгъэщынымкIэ, кIэрыхуфбжьэрыхуэхэм кьапкрыкI уз зэрыщIалъэ щымыгъэIэнымкIэ, Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI гуэрхэмкIи кьалэ, район прокурорхэм, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм наIуэ кьащIащ псыр зыуцIэпI щIэпхъаджащIэ куэд. Бжьыгъэкlэ кьэбгъэльагъуэмэ, уголовнэ Iуэху 17 кьалэтащ. Прокурорхэм кьыщIагъэщащ хабзэм щебэкъуа Iуэхугъуэ 220-рэ. Ахэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэпса тхыгъэ 75-рэ кьыхалъхьати, щIыху 18 жэуапым ирашэлащ.

ЗЕЙ Гъузер.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

Ажал «псынщIэ»

Зы нтъэсым кIрыубыдэу Урысейм щIыху мин 330-рэ тутын еф>ынкъыщIэ узыфэ щынагъуэхэм щолIыкI. Зэвгъэпщэн папщIэ: гъуэгум кIыщIыхьу насыпыншагъэхэм зы нтъэсым хэкIуэдар щIыху мин 35-рэщ.

РОСПОРТЕБНАДЗОРЫМ и унафэщI, Урысейм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий иджыблагъэ жиIащ тутын кьыдэзыгъэкI компаниехэм урысей лъэпкыщI дунейм тралъэсыкIыну мурад щэху зэраIэр икIи ахэр судым зэрыритынри кIыхьигъащ.

Iуэхур щIэзкагъэкIым наIуэ кьызэрыхъуахъмкIэ, 90 гъэхэм хамэ кьэралхэм кьагъэхъея тутын толькьунращ дызыкьыр. Тутын ефэ щIыхухъухэм я бжыгъэр куэд дыдэкIэ дэмыкIуеями, Iугъуэр кьызыкIуэцIиху бзылъхугъэхэр хуэдэ 3-кIэ бзэгъащ, Нобэкlэ кьапщтэмэ, щIыхуб уэндагъуэхэм я процент 48-м Iэщыкь яхуэщIыр-кьым а хьэл мыхъумыщIэр. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, Урысейм и щIыхуб>эр «ищауэ» аращ. Зрищари хамэ кьэралхэм я тутын компаниехэрращ. Тутыным жьыджэру пэщIэт Шабашов Алексей кьиухтащ тутыным иIыкIа зы щIыху кьэс кьэралым кьыхэхьэр доллар 500-м зэрыщIигъур. Ауэ а ахъшэм дунейм ехьыжа щIыуэ щIыуигъэтьхьыжынукъым.

Кьэрал Думэм и сайтым и «Унафэщ>эхэр» кьудамэм сыщихьам, сыкъэуIэбжьат. УнафэщIу кьыхахъхьэхэм я нэхъыбапIэр зыхуэунэтIар щIапIэхэм 2007-2008 гъэхэм республикэм и хабзэхъумэ органкэм ипрактикым кьуанщэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зы тхыгъэ тхьэусыхафэ закъуи.

Щыуэпсыр хьумэнымкIэ, хабзэхэр зэпызыхуэр кьыщIэгъэщынымкIэ, кIэрыхуфбжьэрыхуэхэм кьапкрыкI уз зэрыщIалъэ щымыгъэIэнымкIэ, Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI гуэрхэмкIи кьалэ, район прокурорхэм, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм наIуэ кьащIащ псыр зыуцIэпI щIэпхъаджащIэ куэд. Бжьыгъэкlэ кьэбгъэльагъуэмэ, уголовнэ Iуэху 17 кьалэтащ. Прокурорхэм кьыщIагъэщащ хабзэм щебэкъуа Iуэхугъуэ 220-рэ. Ахэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэпса тхыгъэ 75-рэ кьыхалъхьати, щIыху 18 жэуапым ирашэлащ.

ЗЕЙ Гъузер.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Гукъеуэ

Жыгхэр магъ

ДЫГЪЭ бзийхэм я хуабагъыр а жыгхэм куэд щIауэ эхащIэжыркъым, щIипскIэжыркъым я тхьэмпхэр жьы къепщэм. Бзу щIыкIухэм я уэрэд жьгърухэр щIыхухэм я гум, я псэм дыхьэу кIрашу щытамэ, иджы дэнэкIэ умыпIьамэ, ихьуреягъкIэ пльагъур фIыцIагъэщ. А псори зыльагъу лIыжьфызыжьхэр, щIалэгъуалэр, я уней хадэхэм илэжьхыну, загъэпсэхуну кIуэхэр нэщхьейуэ кIоувыIэри, я льэр щIэхауэ, я пIэм куэдрэ итщ, тэлай докIри, хуэмурэ я гъуэгуанэ тоувэж.

- Дадэ, сыт мы жыг къомым къащIыщIар? - щIоупщIэ сабийр.

- МафIэм исащ, си щIалэ, пльагъуркъэ?

- Хэт абыхэм мафIэ щIэзыдзар, сыткIэ эран хъурэт ахэр?

- Сэ дэнэ щысщIын а псори, гурыIуэгъуэр зыш - хэтми, щыху акъылынпщэ. ЦIыхухэм гухэхьуэ кьезыту щыта жыгхэр игъэсащ. Ауэ сыт, хабзэм и хъумакIуэхэм, дыкъэзыхъуреихь дунейм и щытыкIэм кIолъпплъхэм ар яльагъуркъым, яльагъуу щытми, нэф защI, - жеIэ лIыжьым, и къуэрылъху щыкIум и гукъеуэхэр хуиIуатэуэр.

Зи гугъу тщIыр «Горн»э хьэблэкIэ дызэджэ, Налшык и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщ зым уфIэкIауэ, «Лэгъупыкъу», «Iуащхьэмахуэ», «Псынэ» уней хадэхэм ущыкIуэкIэ, гъуэгу гъунэм и лъэныкъуитIымкIэ кьыщыт жыгхэрщ. Абыхэм яхэтт ильэс кIэс кьалэдэсхэм балий, пхьэгуэль, дэ щIыкIу кьызыпач жыгщIэхэр, ильэс 50-м щIигъуа бжей, жыгей абрагъуэхэр. Иджы а псоми я пIэкIэ пльагъур фIыцIагъэщ, жьэщ. Куэдыр, зыри кьыхэмыпэжу, мафIэм исащ, ящыныкъуэхэр нэхъ кьыхэтенами, щхьэщэ щIым хуащIу загъэщхъ, магъ.

А псори уи нэкIэ щыпльагъуркIэ, уи гур мыуэу кьанэркъым, нэхъ кIаруунпэ, тхьэмыщкIэ ухъуауэ зыкьыпщохъуэ, губжьым гущIэр зэщIещтэ. «Дауэ и Iэр кIыIэту, мафIэ лыгъейр щIидзэу, апхуэдизэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг игъэса, сыт хуэдэ унагъуэ ар кIыщIихьуар, сыт хуэдэ адэ-анэ зыпIар, зыгъэсар?!» - жыбоIэ. Абы и жэуапри, дауи, дэ дызэрепльымкIэ, зыщ - дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, зехьэным, кIэлъплъным гугъу зыдезымыгъэхьхэм, уеблэмэ лъапсэрыхьр кьыхуэгъэгъакIуэхэм, щIыхуIэ уеджэ хъуну кьыщIэкIынкъым.

Сыхуейт зыныфхэузгъэзэну: щIыхуэ, сынывольэIу, дыжьгъэхъумэ дыкъэзыухъуреихь дунейр, абы етх лейр нэхъ Iейуэ дэ кьытлъэIэсыжьынщ, кьытхуигъэзыгъунуэкIым!

СОКЪУР Жамболт.

● Адыгэ Республикэ

Фемыlусэ мэзхэм!

Кавказ Ищхьэрэм и Экологие Iуэхущ>апIэ нэхъыщхьэм хъыбар кьызэритымкIэ, дунейпсо «Кавказ Къухьэпl>» щIыуэпс щIэиным хьыхь мэзхэр кьызэрыраупщIыкIым щхьэкIэ. Адыгейм и экологхэм зыкьаIэтащ.

- ЖЫГ ГЪУАХЭМРЭ фахэмрэ кьураудыжу тхьылъхэм иратхащ. Ауэ дэ тлъагъуркъэ мэз узынщэ, цIыхум и лъэ лейуэ здынэмысыр щIыпIэхэм кьыщыкI жыгхэри «санитарием» зэрызэдихьыр! - жаIэ щIыуэпсым и хъумакIуэхэм. - Адыгэ Республикэм мэзхэмкIэ и управлениэмрэ «Курджыпс мэз Iуэхущ>апIэ» кьэрал предприятиэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, мэз гектари 120-рэ 2008 гъэм кьриубыдэу ягъэкIуэдащ, ари «щIыпIэ нэхъ яхъумэхэм» щыкIэхэм щыщу.

Абы пэджжэу «Курджыпс мэз Iуэхущ>апIэм» и унафэщI Бгъуащэ Заур жиIэри мыращ:

- Апхуэдэ Iуэху лъэпкъ кьетхуэкIыркъым. Адыгэ Республикэм и мэзхэр кьраупщIыкIыркъым, кьриупщIыкIыни зыми зигъэхьэзыркъым. Иджыпстуки, пэжщ, жыг мыузынщэхэр ирах, и чэзур кьэсащи...

Iуэхущ>апIэмрэ щIыуэпсым и хъумакIуэхэмрэ я зэхуакуэ кьыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр зэхащIэкIи икIи экологхэм яльэкI кьамыгъанэу АР-м ЩIыуэпсыр хъумэнымкIэ и министерствэм лъэлукIэ зыхуагъаз, мэзхэм емыгуэзэну.

Ныуэ кьащIащ документ гуэри ямыIэу, пхьэнкIинэзэрIэ 309-рэ республикэм кьыз>эрыщIыз>эрагъэпэщар.

Республикэм иIэкъым мы Iуэхугъуэхэр зэрызэрагъакIуэ хабзэ мардэхэр, ар зи лэжьыгъэхэми (Росприроднадзор, Роспотребнадзор, Ростехнадзор) унафэ нэгъэсахэр кьащIэрэкъым. Щыуэпсыр хьумэнымкIэ хъумэнымкIэ зэмиплъыкIэ унафэ мытэмэмхэр, нэмыгъэсахэр кьыщIэщ, кьуанщэхэр жэуапым щимышлалэ кьохьу.

Кьэдгъэльэгъуа Iуэхущ>апIэхэм 2007-2008 гъэхэм республикэм и хабзэхъумэ органхэм иратакъым кьуанщэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зы тхыгъэ тхьэусыхафэ закъуи.

Щыуэпсыр хьумэнымкIэ, хабзэхэр зэпызыхуэр кьыщIэгъэщынымкIэ, кIэрыхуфбжьэрыхуэхэм кьапкрыкI уз зэрыщIалъэ щымыгъэIэнымкIэ, Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI гуэрхэмкIи кьалэ, район прокурорхэм, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм наIуэ кьащIащ псыр зыуцIэпI щIэпхъаджащIэ куэд. Бжьыгъэкlэ кьэбгъэльагъуэмэ, уголовнэ Iуэху 17 кьалэтащ. Прокурорхэм кьыщIагъэщащ хабзэм щебэкъуа Iуэхугъуэ 220-рэ. Ахэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэпса тхыгъэ 75-рэ кьыхалъхьати, щIыху 18 жэуапым ирашэлащ.

ЗЕЙ Гъузер.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Адэжь щIыналъэр пхъэнкIий идзытIэ ящI

2007 гъэмрэ мы ильэсым и апэ мазищымрэ кIриубыдэу республикэм и кIэрыхубжьэрыхуэхэр кьыз>эрагъэсэбэпымрэ псы зыужьмапIэхэм, псы ежьхъэм зэрыкIэльыплъымрэ прокуратурэм кьыщIипщытэм кьыщIигъэщащ «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуауэ» къэрал хабзэм емызэгъ кьыкъуасанигъэ куэд.

Унафэ нэгъэсахэр кьащIэрэкъым. Щыуэпсыр хьумэнымкIэ хъумэнымкIэ зэмиплъыкIэ унафэ мытэмэмхэр, нэмыгъэсахэр кьыщIэщ, кьуанщэхэр жэуапым щимышлалэ кьохьу.

Кьэдгъэльэгъуа Iуэхущ>апIэхэм 2007-2008 гъэхэм республикэм и хабзэхъумэ органхэм иратакъым кьуанщэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зы тхыгъэ тхьэусыхафэ закъуи.

Щыуэпсыр хьумэнымкIэ, хабзэхэр зэпызыхуэр кьыщIэгъэщынымкIэ, кIэрыхуфбжьэрыхуэхэм кьапкрыкI уз зэрыщIалъэ щымыгъэIэнымкIэ, Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI гуэрхэмкIи кьалэ, район прокурорхэм, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм наIуэ кьащIащ псыр зыуцIэпI щIэпхъаджащIэ куэд. Бжьыгъэкlэ кьэбгъэльагъуэмэ, уголовнэ Iуэху 17 кьалэтащ. Прокурорхэм кьыщIагъэщащ хабзэм щебэкъуа Iуэхугъуэ 220-рэ. Ахэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэпса тхыгъэ 75-рэ кьыхалъхьати, щIыху 18 жэуапым ирашэлащ.

ЗЕЙ Гъузер.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Сочэ

Иджыри зэ хоплъэ

УФ-м и Правительствэр иджыри зэ хэпльэжащ 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну Олимпи зэпеуэхэм зэрызыхуагъэхьзырым. КьызэралытамкIи, щIыуэпсыр хьумэным хуаутIыпщ мылькым хэгъэхьэн хуейщ.

- ЯПЭХЭМ унафэ ящIат а Iуэхухэм сом мелуан 499-рэ хуаутIыпщыну, ауэ ар мащIэIэущ

● Футбол

Гогуа дыкъигъэбырсеят

«Спартак» (Мэзкуу) – «Спартак-Налшык» (Налшык) – 2:1 (0:0). Мэзкуу. «Лужники» стадион. ЩыщхьэIум и 31-м. Цыху 9000 еплъащ.

Судьяхэр: Сухнэ (Малаховкэ), Целовальников (Астрахань), Пантелеев (Тулэ).

«Спартак»: Плетикосэ, Шишкин, Филипенко, Йиранек, Фатти, Быстров, Моцарт, Советкин, Павленко (Рыжков, 88), Саенко (Родригес, 82), Дзюбэ (Прудников, 65).

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ, Ятченко, Кисенков (Фелипе, 79), Джудович, Амисулашвили, Филатов, Дзыхкъмыщ (Гогуа, 60), Самсонов, Джатэрыв9, Фрунзе (Сирадзе, 71), Калимулин.

ТоIэхэр дагьэкIащ: Фати, 61 (1:0), Гогуа, 90+2 (1:1). Прудников, 90+4 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ Фати, Йиранек, Ятченко, Фрунзе, Саенкэ, Филатовым, Джудович, Кисенковым, Шишкиным.

ПРЕМЬЕР-лигэм зэрыхэтрэ ди командэр зытемыкIуэфа закъуэтIакъуэхэм ящыщ Мэзкуу и «Спартакыр». Вэсэмахуэ ар ягъэзэкIуэжыну Iмал хьарзынэ къыкъуэкIат. Сыту жыпIэмэ къэралым бгъуэнейрэ и чемпионхэм я Iуэхур иджыпсту щIагъуэкъым: командэм тренер нэхъыщхьэ нIэкъым, гъуащхьауэ нэхъыфI Павлюченкэ ящащ, Чемпионкэм, Кисенков щIэнкIуэ къыщыхагъэщащ... А псори налшыкдэсхэм кьагъэсэбэныпхъэ т.

Ащщхьэкlэ мэзкуудэсхэм адэкlэ здикIуэтын яIэтякым. ИкIи Iуэхухэр ирагъэфIекIуэжын папщIэ яльэкI кьагъэнакъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, бжыгъэр кьыззIуэхыну япэу Iмал кьыззыхукъуэкIар «Спартак-Налшыкырщ». ДзыхьмышI Марат зэуа топыр гъуэм димыгъэкIын папщIэ, хэгъэрейхэм я гъуащхьэтет Плетикосэ и Iэзагъ льагэр кьызыкъуэкын хуей хъуащ.

Абы и ужькIэ мэзкуудэсхэм зыкъызыкъуахащ. Мызэ-мытIэу ахэри кьыхэжаныкIыфыну щытащ, уеблэмэ топыр тIэунейрэ ди гъуэм и пкъым кьытехуащ. «Спартак-Налшыкым» и жэуапыр кIэщIт - Самсоновыр и закъуэу гъуэм кьыбгъэдэхутащ, арщхьэкIэ топыр гъуэм щхьэприхащ.

Загъэпсэхуу кьызэрихьэжу, хэгъэрейр эр ипэкIэ кIуэташ. Ди щIалэхэм я гъуэгяхьумэныр кIуэ пэтми нэхъ г угъу хьурт. ИкIи 61-нэ дакъикъкъэм щIэщхьу кьащыщIащ. Моцарт зэуа топым Кращенкэ кьригъэтIэзащ, арщхьэкIэ абы япэу нэса Фати бжыгъэр кьызэIуихащ.

Ди «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Красножан джэгупIэ губгъуэм зэкIэлъхьэужьу Гогуа, Сирадзе, Фелипе сымэ кьригъэхьащ икIи абы фIы кьикIа хуэдэт. Джэт ум щIагъуэ етIуанэ дакъикъэм Гогуа льэщу зэуа штрафнюм бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжри, мы зэуIущэтфIамыкIыну гугъэ дигъэщIат. Арщхьэкlэ Гогитэ дыкьызэригъэбырсеям хуэдэ дыдэ у, кьыгъэкъуэпльа зы очко закъуэри тфIригъэхьэхужащ – кьэнэжа мэскъал бжыгъэр игъэкIуэн мурадкIэ абы топыр кьрихуэкIыну щIэзащ икIи хьэрхуэрэгъуэм ар кьыгъахри, 2:1-уэ япэ ящащ. Абы и ужькIэ джэгур занщIэу иухащ икIи кьару ямыIэжу ди щIалэхэр ехуэхащ. Сыт пщIэн, апхуэдэу кьохуэ-тIэ.

Зэи кьэмыхьауэ, чемпион щIэм ерыщу х уокIуэ Тэтэрст аным и командэр. Вэсэмахуэ Пермь щыIэу **«Амкарым» 2:1-уэ** зэрытекIуам и фIыгъэжкIэ иджы **«Рубиныр»** етIуанэ увыпIэм щыт «Динамом» очкоихкIэ щхьэщыкIащ.

Зэныкъуэкъуэ щыгъуащIэщ турнир таблицэм и льабжьэмк. Ар быдэу зыубыда **«Химкимрэ» «Шинникымрэ»** зэрытемытыжIауэ, **0:0-уэ** зэбгъэдэкIыжащ.

Адрей командэ щхьэщ зэрыъэдэджэгуар: **«Локомотив»** (Мэзкуу) – **ЦСК А** (Мэзкуу) – **0:2**, **«Динамо»** (Мэзкуу) – **«Москва»** (Мэзкуу) – **1:1**, **«Лучъ-Энергие»** (Владивосток) – **«Тэрч»** (Грозный) – **1:1**, **«Томь»** (Томск) – **«Крылья Советов»** (Самарэ) – **0:4**.

Европэм и Суперкубокым теухуа зэпеуэм зэрыхэтам кьыхэкIыу Санкт-Петербург и **«Зенитыр»** Мэзкуу областым и **«Сатурным»** щыIущэну махуэр игъэзэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 14-м абыхэм кьрагъэблэгъэнущ Мэзкуу и «Локомотивыр».

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIым и тепльэр

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	20	12	6	2	30-15	42
2. «Динамо»	20	10	6	4	27-20	36
3. «Спартак»	20	8	9	3	33-27	33
4. «Амкар»	20	9	5	6	21-15	32
5. ЦСКА	20	8	8	4	27-15	32
6. «Крылья Советов»	20	7	9	4	28-17	30
7. «Зенит»	19	7	7	5	32-24	28
8. «Спартак-Налшык»	20	7	4	9	19-22	25
9. «Тэрч»	20	7	4	9	18-27	25
10. «Локомотив»	19	6	7	6	23-21	25
11. «Москва»	20	5	8	7	20-22	23
12. «Томь»	20	6	4	10	17-28	22
13. «Сатурн»	19	5	6	8	17-21	21
14. «Луч-Энергия»	20	3	9	8	15-25	18
15. «Шинник»	19	3	6	10	19-29	15
16. «Химки»	20	2	8	10	22-40	14

ЗэIущIэ нэужьым

ЛЕДЯХОВИгорь, *«Спартакым» и тренер нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ*:

ЩIалэхэм арэзы сыкъащI

- Зыкли зэмыщхьа IыхьитI екIуэкIащ. Апэм джэгур дыззрыкуейм хуэдэу едгъэкIуэкIащ, кьыкIэлъыкIуэм, Чемпионхэм я лигэм дыззрыщыджэгум кьыхэкIкIэ, тIэкIу дешат. Апхуэдэу щытми, зэIущIэм кьрикIуа бжыгъэмкIэ сыаразыщ, зэрыщыту кьапщтэмэ, хьарзынэу дыджэгуащ.

- ХьэщIэхэм бжыгъэр зэхуэдэ щащIыжам сыт узэгупсысар?

- Сыгупсысэну сыхунэсакъым. Ди щIалэхэр ебгъэрыкIуэри, текIуащ.

- Ромащенкэ Миослав текIуаз ара?

- ТекIыну хуеящ, ауэ, сэ сызэрыщIыгъуазэмкIэ, ар кьыхуадакъым.

- Веллитонрэ Павлюченкэрэ зэIущIэм зэрыхэмытар зыхэфщIа?

- АтIэ, Веллитон псынщIэщ. Арщхьэкlэ Веллитон мазэкIэ джэгуфыну кьыщIэкIынкъым.

- Родригес командэ нэхъыщхьэм щыджэгну?

- Абы щхьэкIэ Iмал псори иIэщ - ар «Спартакым» и футболистщ. Павленкэ хъуэжыкIафIэ зыщIа Рыжкови арэзы сыкъыщIащ.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ*:

1:1-уэ иухыфынут

- ЗэIущIэ гъэщIэгъэн екIуэкIащ. Иужьрей дакъикъхэм тIэщIэкIа щыуагъэхэм я зэранкIэ дыкьызхагъэщIащ. Апэ Iыхьэм джэгур зэхуэдэу екIуэкIащ, етIуанэм хэгъэрейхэр нэхъ жыдэжращ.

- Гогуа бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжа нэужь, псори ебгъэрыкIуэну унафэ яхуэпщIащ. Абы ухущIегъуэжакъэ?

- Хьэуэ. Гогуа топыр Фелипе иритамэ, зэIущIэр диебгъэрыкIуэныгъэкIэ, нэхъ мащIэ дыдэу дызэрытемыгъэкIуауэ иухынут. Ауэ апхуэдэу хьуакъым.

Зытыжар **МЭЗКУУ Къанщобийщ.**

● Гу зылъытапхъэ

Къэнжал зауэр

зэрыщыIэрэ ильэс 300 щрикъум ирихьэлIэу сурэтыщIхэм я зэпеуэ

Зэпеуэр езыгъэкIуэкIыр: Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Сурэтыщхэм я союзымрэ.

Спонсорхэр: «Бум-Банк» ООО банкыр, «Адыгэ унэ» тыку эныр, «Тамерис» шхапIэр.

Чэнджэщэгъуэхэр: Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, «Адыгэ псалъэ», «Советская мо лодекь» газетхэм я редакцэхэр.

Зэпеуэм и мурадыр

Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ кьэбэрдейхэм эзрахьа лIыгъэр кьыщыгъэльэгъуэ сурэтхэр щыын (Къэнжал зауэм и тепльэхэр, абы хэта адыгэ лIыхьыжьхэм я сурэтхэр).

Зэпеуэм зэрекIуэкIынур

Зэпеуэм хэт хьунущ сурэт щIыныр зи Iэщlагъэхэр, мыпхуэгъэ гъуэздж лIэужьыгъуэхэм щылажьэхэр:

1. **Живописыр;**
2. **Графикэм;**
3. **Скульптурэм.**

Зэпеуэм кьыхихьэхэм кьагъэхь хьунущ езыхэр зыхуейм хуэдиз лажьыгъэ, аэзр 2008 гъэм фокIадэ мазэм и 15 пщIондэ кьыIахынущ.

Зэпеуэм и журир

Абы хэтщ IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр: сурэтыщIэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Жюрим и унафэщIхэр: КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзым и пашэ **Маргъуф Анатолэ**, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтым и директор, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **БгъэжьокIуэ Барэсбий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд.**

Зэпеуэм щытекIуахэм папщIэ

Гъуэздж лIэужьыгъуэ кьэс мыпхуэдэ саугьэтхэр ятынущ:

1 увыпIэм щхьэкIэ - сом 30.000;
2-нэ увыпIэм щхьэкIэ - сом 15.000;
3-нэ увыпIэм щхьэкIэ - сом 10.000.

Абыхэм нэмыщI, **зэрыхуэупсэ саугьэтхэр** ятынущ, **дэтхэнэри сом 5000** хьуурэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм я лжьыгъэхэр КъБР-м и Правительствэм, Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ министерствэм, щыхь щхьэхуэхэм ящэхунущ, Къэнжал зауэм и Фешпль музейм и фондым хальхьэн папщIэ.

Зэпеуэм кьагъэхьа лжьыгъэ нэхъыфIхэр КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэльэгъуэнущ.

Зэпеуэм хэтынухэр щыщIэупщIэ хьунущ: **Налшык кьалэ, Арманэ Инессэ и уэрам, 1, КъБР-м и СурэтыщIхэм я союз; лжьыгъэхэри зэрагъэхьын хуейр аращ. Телефоныр 42-49-88, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм - телефоныр 47-31-83.**

Ныбжьэгъум папщIэ

Щыщхьэум и 30 махуэм и пщыхьэщхьэм зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ зи гъащIэ псор адыгэм хуэлэжьэным тыхь хуэзыщIа, музыкант Iэзэ, тхыдэтх, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къун Николай Алий и къуэр.

Къун Николай Ставрополь крайм и Курской районым хьихьэ Аваловэ (Иналхьэблэ) къуажэм 1950 гъэм къыщIалъхуащ. Курыт еджапIэм нэужьым, Налшык гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ училищэм щIэтIысхьэри, 1969 гъэм къыухащ. Абы и ужькIэ Иналхьэблэ дэт курыт еджапIэм лажьэн щыщIидзэри, зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэр 1977 гъэм къиухыжат.

Тхыдэри макъамэри ирагъэжу Къун Николай ильэс 11-кIэ кьуажэ еджапIэм щылажьауэ, 1980 гъэм Мэздэгу кьалэ мэлэпхъуэ, и пщэ кьыдэхуэу кьалэнхэри нэхъыбэ мэхъу, жэуаплиныгъэ нэхъыбэ зыхещIэ. Тхыдэ щIэныгъэмки мащIэ гъуэджэми зэхуэдэу итхьэкъуа щIалэм и лэжьыгъэм кьыдэкIуэу мэздэгу адыгэхэм я гъащIэм, тхыдэм, хабзэм, иджырей дунейтетыкIэм теухуа хъыбархэр, пщынальэхэр зэхуехьэс.

Абы и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэр кьызэщIэзыуБыдэ тхыгъэхэр мызэ-мытIэу тетащ «Степной маяк», «Моздокский вестник» (РСО-А), «Адыгэ псалъэ» (КъБР) газетхэм, 2002 гъэм дунейм кьытехьат Къуным и Iэдакъэ кьыщIэкIа «Мэздэгу адыгэхэр» тхыдэр, мыгувэу Налшык «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щыIэдэкIынут Мэздэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуа этнографие тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэ тхыдэмкIэ кандидат лэжьыгъи пхигъэкIыну и гугъат.

Николай хунэсакъым гу зыщимыуа и бынитIым я хьер, я гуфIэгъуэ илъагъну, ахуищIэфыр арати, и щIалэри хъыджэбэри адыгэгуу, адыгэпсэу къиГъэхъуащ, езым и щIалэгъуэр щигъэкIуа, и гур кьызыхуеIэ зэпыт Налшык кьалэ щригъэджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыным и нэIэ тригъэтащ.

Къун Николай щIэныгъэ конференц зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыпсалъэрт, къыдалъхуам хуэдэу фIыуэ ильагъу адыгэ пшынэр иБыгъыу лъэпкъ-щэнхабзэ фестиваль къудзым зыкъыщигъэльагъуэрт. Адыгэ-абхъаз щэнхабзэ зэхьхьэхэм хэту Мейкъуапэ, Армавир, Черкесск, Налшык кьалэхэм мызэ-мытIэу щыIат. И гъащIэм иужь дыдэ дакъикъэхэми и пщынэр и Iэпэгъащ...

Мэздэгу кьалэ дэт макъамэ школым щригъаджэу, еджапIэ унафэщIым и къуэдзэу зэрылажьэм кьыдэкIуэу, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ пщэрыпльыр 1998 гъэм дзыхь кьыщыкуащIым, Къун Николай емыкIэщIыжу хуэлэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шапсигъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм мэздэгу адыгэхэр егъэщIыхужьным, абыхэм я зэныбжьэгъуэр, зэпыщIэныгъэхэр гъэбдыдэным, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ кьыдэкIуэтей щIэблэм яхэпщэным. И лъэпкъэгъуэхэм, мэздэгу адыгэхэм, кьыхуащI пщIэм и щыхэтт а пащхьэм щыпсыным зэпыту илъэси 10-кIэ зэрыриъэкIар.

Зи псалъэр Iэсэ, зи гур щабэ, щIыхуГъэ льагэ зыбгъэдэльа ди ныбжьэгъум и фэеплъ нэхур зэи тщыгъупщэнкъым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, Мэздэгу Адыгэ Хасэ, Адыгей Хасэ, Шэрджэс Адыгэ Хасэ, Шапсигъ Адыгэ Хасэ, Армавир къалэм щыIэ Адыгэ Хасэ.

Литературэм дихьэххэм я зэхыхьэ

● Май куей

«ПСЫЭРЫШЪ» - аращ зэреджэр Май куейм ильэс куэд лъандэрэ ящIэ литературэ хьэщIэщым. Ильэс и лэжьыгъэр нэхъыбэу теухуащ дунейпсо классикэм, лъэпкъ литературэм щыху нэхьыбэ дегъэхьэхьым.

Мы махуэхэм «ПсыЭрышъэ» хьэщIэщым къекIуалIэхэмрэ Адыгэ куейм ушэтынхэмрэ зэбгырыкIуэхэр ядэIэпыкIуэнхэмкIэ и центрым и жьауэм щIэту лажьэ «ЗэгурыIуэныгъэ» литературэ хасэм хэтхэмрэ я зэIущIэ екIуэкIащ.

ЗэIущIэм щыIепсэтыхьащ творческэ лэжьакIуэхэр нобэ зыгъэлIейтей Iуэжугъуэхэм, щIэблэ узынщэ къэгъэтэджьынымкIэ литературэм и щIэныгъэ, нэгъуэщIхэми. Литературэр зэгуэхэныгъэхэм я лIыкIуэхэр кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщеджащ фIыуэ яIэгъуэ усакIуэхэу Евтушенкэ Евгений, КIыщокъуэ Алим сымэ я Iэдакъэщ!экIхэм. ЗэIущIэм кьыщыхьахьащ мыпхуэдэ дерсхэр республикэм и адрей куейхэми щрагъэкIуэкIыну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Май куей

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр **Къун Гульнар Николай и пхьум** хуогузавэ абы и адэ **Къун Николай Алий и къуэр** дунейм зэрехьыжам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапэ нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэмэ Iуэхущ!анГъэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; къыбарыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ!анIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тельдзахэм яхуэхьынщр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпкъмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щIэту ятхащ.

Зы льэхъэм газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ЩIэхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцим и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъытыгъэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Эллэ, редактору Щхьэщэмыщ Иэз, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(2,3-нэ нап.)*, Щоджэн Ишэ *(1,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* **ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *суратыщI*Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №2922